

# Opòtinite chak jou pou egzaminasyon STEM

## Fason pou kwit manje

Nou dwe fè ase pat pou tout moun ka jwenn de (2).



## Itilizasyon zouti senp

M ap mande kimoun ki te kreye lide pou yon antonwa? Ki chanjman ki genyen lè sab la pase ladan?

## Konstwiksyon

Kisa envansyon ou fè? Kijan ou te kòmanse?



## Fason pou jwe avèk modèl ak teksti

Kisa ou wè ki fè yon modèl?

## Fason pou jwe avèk lonbraj

Èske lonbraj ou sote tou? Mwen mande kote lonbraj la te sòti?



## Obsèvasyon lanati

Kisa sotrèl la ap fè?

## Fason pou ranje ak fason pou klase

Pou kisa ou te òganize yo nan fason sa a?



## Rechèch

An nou gade sotrèl yo pou konnen plis sou abita yo.

Chèche opòtinite chak jou pou pitit ou aprann kichòy sou lemonn nan syans, teknoloji, jeni, ak matematik (STEM).



## Kominote nou se yon patnè nan aprantisaj.

Anpil enstitisyon zòn ou louvri pou piblik, yo gratis, epitou yo gen orè admisyon gratis ki bon pou fanmi yo. Chèche epi distrè ou:

- Teren jwèt katye a
- Santye pou mache/ pou monte bisiklèt
- Jaden kominotè
- Mache kiltivatè
- Pak lokal
- Mize
- Bibliyotèk
- Enstitisyon relijye



Kontakte bibliyotèk ou, klinik prive doktè ou, lekòl ou, oswa sant kominotè ou pou jwenn plis enfòmasyon sou evènman ak òganizasyon lokal gratis yo.

Yo kreye gid aprantisaj **STEM** pou fanmi yo ak moun k ap pran swen timoun ki gen laj pou lekòl pre-matènèl. Tanpri chèche plis enfòmasyon sou sijè sa a ak sou Langaj Oral ak sou Nivo Alfabetizasyon, Apwòch pou Aprantisaj, Sante Emosyonèl Sosyal, ak Sante ak Byennèt Fizik ki sou sitwèb EEC: [www.mass.gov/edu/birth-grade-12/early-education-and-care/curriculum-and-learning/](http://www.mass.gov/edu/birth-grade-12/early-education-and-care/curriculum-and-learning/).



MASSACHUSETTS  
Department of  
Early Education and Care

Sherri Killins, Ed.D., Manm Komisyon

Se Davis Publications, Worcester, MA ki prepare travay sa a.



Konsiltan Early Education (entèvansyon Bonè) yo:  
**Susan Etheredge**, Ed.D., Profesè ak Chèmann Edikasyon ak Etid pou Timoun, Smith College, Northampton, MA  
**Cathy Weisman Topal**, M.A.T. Pwofesè Etid Vizyèl, Konferansye ak Pwofesè Atistik ak nan Estidyo, Smith College, Northampton, MA

Imaj yo se koutwazi EEC, Susan Etheredge, Cathy Topal ak Claudia McNeil

© 2012 Massachusetts Department of Early Education and Care  
Haitian Creole

# Egzamine!



Explore  
ansanm  
avèk pitit  
ou...

“Devlopman an sante depannde kalite ak fyabilite relasyon yon jèn timoun avèk moun ki enpòtan nan lavi li, alafwa andedan ak deyò fanmi an. Menm devlopman estrikti sèvo yon timoun depannde devlopman relasyon sa yo.”

Konsèy Syantifik Nasyonal  
pou Devlopman Timoun

Chèche konnen  
kijan lemonn egzamine  
syans, teknoloji,  
jeni ak matematik.

[http://developingchild.harvard.edu/resources/reports\\_and\\_working\\_papers/working\\_papers/wp1/](http://developingchild.harvard.edu/resources/reports_and_working_papers/working_papers/wp1/)